CERKAK 3

Kancil lan Baya

(sumber: https://tirto.id/contoh-cerkak-bahasa-jawa-singkat-dari-berbagai-tema-gxXy)

Ana crita, baya lan kancil urip ing wilayah sing padha. Wis suwe baya ngincer kancil kanggo dipangan. Nanging kancil tansah bisa nyingkiri panguyakane baya. Kancil kewan sing pinter, mulane baya mesthi angel kanggo nyekel dheweke.
Senadyan kancil tansah lolos saka panguyakane baya, suwe-suwe kancil krasa was-was uga. Amarga kuwi, kancil mutusake kanggo pindhah omah menyang wilayah liyane supaya adoh saka baya. Dheweke manggon ing sangisoré wit gedhe ing pinggir kali. Awale, baya bingung amarga ora ndeleng kancil ing panggonan biasane. Mula, baya nggoleki lan takon marang kewan-kewan sing ditemoni.

"Oh, kancil pindhah menyang wit ing cedhak pinggir kali," ujare manuk cilik sing ditakoni baya. Mesthine baya seneng banget krungu kabar kuwi. Baya langsung budhal menyang panggonan sing dikandhakke manuk. Dheweke ora sabar maneh mburu kancil.

Baya penasaran kepingin banget ngrasakake daging kancil sing wis suwe didelengi. Sawisé nemokake panggonan kancil, baya banjur pindhah uga menyang kana. Nanging, kancil durung ngerti babar pisan.

Suwe-suwe, baya ngawasi kancil. Dheweke sinau kebiasaan kancil sinambi ngrancang strategi kanggo nyekel kancil. Saka pengamatané, baya ngerti yen kancil kerep lunga menyang pulo cilik sing akeh wit apelé cedhak omahé kancil. Kanggo nyabrang menyang pulo kuwi, kancil biasa mlumpat saka watu gedhe sing ana ing antarané omahé lan pulo cilik kuwi.

"Aku duwe rencana!" ujare baya. Nalika kancil menyang pulo cilik, baya ndhelik ana ing sawalike watu ing tengah kali. Dheweke ngenteni kancil mlumpat menyang watu.

Ing dina kuwi, kancil wareg mangan woh-wohan sing ana ing pulo cilik. Banjur dheweke bali kanthi sumringah. Kancil mlumpat saka pinggir kali menyang watu-watu supaya bisa tekan omahé. Nanging, tekané ing tengah kali, kancil weruh yen ana bayangan saka watu sing arep diliwati katon luwih dhuwur tinimbang biasane.

LIVEWORKSHEETS

Akal cerdas kancil langsung ngrasa yen ana sing ora bener. “Aja-aja ana baya ing sawalike watu kuwi?” mikire kancil. Sawisé mikir sedhela, kancil entuk akal. Dheweke mbengok menyang watu, “He, watu! Piye kabarmu?”

Sepi. Ora ana jawaban. Kancil banjur takon maneh, “Ana apa watu kancilku? Biasane kowé njawab sapaané aku.”

“Oh, dadi biasane watu iki ngomong?” pikir baya sing lagi ndhelik ana ing watu kuwi. “Yen ngono aku kudu ethok-ethok njawab supaya kancil ora curiga.”

“Halo uga, kancil,” jawab baya.

Kancil mesem ing atiné ndeleng bodhone baya. Terus kancil kandha, “Dadi kowé ana ing kono ya, Baya? Ora ngira, kowé nguyak aku nganti tekan kene.”

Baya kaget. Yen anggone nyamar wis konangan. Baya sadar yen kancil wis ngapusi dheweke. Dheweke temenan nesu karo kebodhone dhewe.

“Ya, aku nguyak kowé tekan kene amarga pengin mangan kowé!” jawab baya, jengkel.

Banjur kancil kandha, “Bukak lambemu amba-amba supaya aku bisa mlumpat mlebu.”

Kancil pancen pinter banget. Dheweke ngerti yen mata baya bakal ketutup nalika lambene kebuka amba. Lan bareng baya mbuka lambene, kancil cepet-cepet mlumpat menyang ndhuwuré sirah baya, banjur mlumpat saka watu-watu liyane kanthi rikat, lan sawise tekan pinggir kali langsung munggah wit gedhe panggonané.

Kancil slamet maneh saka panguyake baya. Kabeh iku amarga kapinterane sing ngluwihi baya. Sakdurunge, baya kudu ngelus dada amarga ora bisa nyekel kancil sing wis suwe diincer.

……

LIVEWORKSHEETS

Kelompok

Anggota Kelompok

Pitakenan

Kaseratna unsur intrinsik ingkang wonten ing cerkak nginggil kanthi ringkes lan cetha!

1. Tema
2. Alur
3. Latar
4. Watak
5. Pitutur

LIVEWORKSHEETS